

# KIJAN POU W METE KACHNEN


## 1YE ETAP

Lave men w byen avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk dezenfektan pou men ki a baz alkòl.



## 2YÈM ETAP

Enspekte kachnen an pou wè si l pa chire oswa gen lòt donmaj.




## 3YÈM ETAP

Idantifye anlè ak devan kachnen an.

Rebò rèd ou kapab pliye a oswa bann metal la se anlè a. Bò kachnen an ki gen koulè a se abityèlman devan an epi li dwe bay fas lwen ou.

## 4YÈM ETAP

Pase kòd yo sou zòrèy ou.



## 5YÈM ETAP

Pense bann metal la (oswa rebò rèd la) nan kachnen an pou li kapab pran fòm nen w.



## 6YÈM ETAP

Rale anba kachnen an desann pou l kouvri bouch ou ak manton w. Ranje kachnen an si sa nesèsè pou fè l byen kouvri nen w ak bouch ou.



## 7YÈM ETAP

Ranplase kachnen an chak jou oswa si li sal, donmaje, oswa mouye. Se kòd yo sèlman pou w manyen pou wete l epi jete l nan fatra. Lave men w avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk dezenfektan pou men ki a baz alkòl.

